


Annou Selebre Mwa Eritaj Ayisyen

Prezantasyon liv • “Sèvis Ginen”

Ekriven Dyeri M Jil ak Ivwoz S Jil

Samdi 23 Me, 2009 • 3-4:30 apre midi



De Ekriven lan Broward Rakonte kijan Afriken lan Lamerik la te Toujou Kenbe Memwa Dantan yo

Anpil moun lan Lamerik la se eritye Lafrik Ginen. Se sa k fè mès ak koutim Afriken gaye toupatou lan zòn nan. Te mèt se lan atizànri, lan mizik, lan filozofi, lan reliyon, lan lasyans, kèlkeswa sa l te ye a, mès ak konesans Afriken ladan. Pou moun apresye Eritaj Ameriken, fòk yo konprann Vodou - Kwayans Tradisyonèl Lafrik Ginen. Se Kwayans sa a ki fè ann Ayiti nou konn ansyen ewo Ginen yo tankou Zinga (Larèn Kongo), moun nanchon Wangòl; Don Petwo, yon wa Kongo; ak Kadya Bosou, yon wa Dahomen (Benen), san konte plizyè lòt ewo nou sonje toujou.

Vodou se yon chemen pou moun pi byen konprann koutim moun ann Ayiti, ann Amerik, ann Afrik.

Tradisyon Vodou toupatou lan lavi nou. Sa la lan jan nou jwe mizik popilè kote chak enstriman lan yon dyaz jwe yon diferan rit kòm si se ta yon pil tanbou k ap jwe. Ata chante dyaz yo chante fèt sou fòm rèl ak repons tankou mòd chante honjenikon ak honsi. O Zetazini, yo di yon moun koul (cool) pou montre moun nan gen bon jan, li gen tèt poze, li kèkal soukonn Lwa Rada. Koul se karaktè Lwa frèt tankou Legba. Ameriken te konn di se Legba lan Kafou a ki montre mizisyen jwe dyaz, yon mizik koul.

Ekriven, Dyeri M. Jil ak Ivwoz S. Jil, www.bookmanlit.com, ap siyen liv e y ap koze ak piblik la pou bay esplikasyon an plis sou liv *Sèvis Ginen: Rasin, Rityèl, Respè lan Vodou*. Ekriven yo ap gen pou yo montre tou kijan ekriti tradisyonèl Afriken tankou Adindra ak Sibidi konekte ak Vèvè ann Ayiti.

Doktè Dyeri M. Jil se Pwofesè Obstetri lan Inivèsite Miyami. Ivwoz S. Jil se Pwofesè lekòl segondè e li te yon ekriven pou Biwo Edikasyon lan vil Nouyòk

Seksyon Outreach Services lan Bibliyotek Piblik Broward County ap envite kominote a patisipe lan aktivite sa a pou onore Mwa Eritaj Ayisyen.

Pou plis enfòmasyon rele Outreach Services lan 954-357-7348
African-American Research Library and Cultural Center
2650 Sixtrunk Boulevard (N.W. 6th Street)
Fort Lauderdale, FL 33311 • 954-625-2800

MOSAIC

BROWARD PUBLIC
Library
FOUNDATION

Newcomers
New Americans
Program Series
Funded Through Broward Public Library Foundation

Auxiliary aids for communication are available by calling 954-357-7528 (voice/TTY). • www.broward.org/library

BROWARD COUNTY BOARD OF COUNTY COMMISSIONERS — An Equal Opportunity Employer and Provider of Services

Josephus Eggelation, Jr. • Sue Gunzburger • Kristin D. Jacobs • Ken Keechl • Ilene Lieberman • Stacy Ritter • John E. Rodstrom, Jr. • Diana Wasserman-Rubin • Lois Wexler This public document was promulgated at a cost of \$000.00, or \$.000 per copy, to promote library programs.